**REZYUME**. Ushbu maqolada XV asr oʻzbek klassik shoiri Alisher Navoiy ijodining turkman adabiyotidagi oʻrni haqida soʻz boradi. Alisher Navoiy adabiy merosining Maqtimquli ijodiga adabiy ta'sir masalalari qiyosiy tahlil qilinadi. Shu bilan birga oʻzbek-turkman xalqlari oʻrtasidagi doʻstona munosabatlarda Navoiy va Maktimquli ijodlarining oʻrni haqida soʻz boradi.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье описывается роль творчества узбекского поэта-классика XV века Алишера Навои туркменской литературе. И рассматривается сравнительный анализ вопросов литературного влияния литературного наследия Алишера Навои на творчество Мактимкули. Также обсуждается роль творчества Навои и Мактимкули в дружеских отношениях между узбекско-туркменскими народами.

**SUMMARY.** This article describes the role of Alisher Navoi's works, the Uzbek classic poet of the 15th century, in Turkmen literature and considers a comparative analysis of the issues of the literary influence of Alisher Navoi's literary heritage on the work of Maktimkuli. The role of Navoi and Maktimkuli's works in friendly relationships between the Uzbek-Turkmen peoples is also discussed.

# ТӘЖЕТДИН СЕЙТЖАНОВТЫҢ ПОЭМАЛАРЫНЫҢ КӨРКЕМЛИК ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

**А.К.Сарсенбаева** – *киши илимий хызметкер*
*Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы Қарақалпақстан бөлими*
*Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты*

**Таянч сўзлар:** шоир ижодиёти, поэма, образ, характер, қахрамон психологияси, тасвирлаш маҳорати, илмий талқин.
**Ключевые слова:** творчества поэта, поэма, образ, характер, психология героя, мастерство изображения, научное исследование.
**Key words:** poet's work, poem, image, character, psychology of the hero, mastery of the image, scientific research.

Қарақалпақстан халық шайыры Тәжетдин Сейтжанов (1924-1998) өз заманласлары ҳәм белгили сөз шеберлери Т.Жумамуратов, И.Юсупов, Б.Исмайлов, Ә.Сейтназаров, Х.Сейтов, Б.Қайыпназаров ҳ.т.басқалар менен бир сапта турып халық турмысын, заманласлар өмирин жырлауға салмақлы үлес қосты. Шайыр сыпатында оның қәлеминен «Азамат жыры» (1955), «Зийба» (1959), «Қанатлы жаслық» (1961), «Айна алдындағы сөз» (1965), «Муҳаббатнама» (1971), «Бәҳәр сағынды» (1975), «Өмир философиясы» (1979), «Мениң арифметикам» (1983), «Тасқын» (1990), «Гүмис қоңыраў» (1997), «Таңламалы шығармалары», 1 томлық (1984), «Таңламалы шығармалары»ның еки томлығы, 1-том (1992) сыяқлы бир қанша поэзиялық шығармалары басылып шықты. Оның «Қырлы соқпақлар», «Күйгелек көзли яр», «Тынымсыз толқынлар», «Жалынлар», «Әбиў Райхан Беруний», «Нөкис легендасы», «Дәмегөйлер» сыяқлы бир неше драмалық шығармалары Нөкистеги ҳәм Ташкенттеги театр сахналарында қойылып, тамашагөйлер тәрепинен қызғын күтип алынды.

Т.Сейтжанов шебер аўдармашы сыпатында Н.Некрасовтың, Т.Шевченконың, Н.Ҳикметтиң, Р.Ғамзатовтың ҳ.т.б. өзбек, орыс, қазақ халықлары әдебиятындағы белгили сөз шеберлериниң шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарды. Өз гезегинде шайырдың шығармалары да өзбек, орыс, қазақ, татар, башқурт ҳ.т.б. көплеген тиллерге аўдарылып басылды.

Ол көркем әдебият тараўындағы хызметлери ушын бир неше орден ҳәм медаллар менен сыйлықланды. 1969-жылы оған «Қарақалпақстанға мийнети сиңген мәдeният ғайраткери», 1974-жылы «Қарақалпақстан халық шайыры» деген ҳүрметли атақлары берилди.

Шайырдың поэзиялық шығармаларының тематикасы оғада кең. Шайыр ХХ әсир қарақалпақ поэзиясына «Ўатандарлық урыс блакнотынан» деп аталған дәслепки қосықлар дүркини менен келген болса, парахат өмирге араласқаннан соң мийнет адамларының турмысын, туўған жер, ана Ўатан, жаслық, муҳаббат, халықлар дослығы, парахатшылықты қорғаў, қуяшлы Өзбекстанымыз бенен саўлатлы Қарақалпақстанымыздың бахытлы келешегин жырлаўшы поэзиялық шығармалары менен байытып барды. Узақ жыллық тәжирийбеге ийе шайыр лирикаға жаңа мазмун ҳәм жаңа форма излеўде қысқа қатарлы төртликлери менен философиялық мазмундағы рубайылары, жәнеде мийнет адамларының мийнетте мәртлигине арналған тәрип-арнаў қосықларын көплеп дөретти.

Т.Сейтжанов саналы өмириниң 50-жылға шамалас дәўиринде «Ўақыт пенен нық қәдем таслап» [1] «Халқын сүйип жырлаған шайыр» [2] ҳәм драматург дәрежесине ерисτи.

Шайырдың дөретиўшилигинде поэмалар белгили орын ийеледи. «Жас пиллекеш», «Мәккеши азамат», «Шегинген сахра» поэмаларында 60-жыллардағы мийнет алдыңғыларының табыслары сөз етиледи. Т.Сейтжанов халық әпсаналары менен рәўаятларының тийкарында «Ана ҳаққында әпсана», «Фирюза», «Муҳаббат ҳәм мәккарлық» поэмаларын да дөретеди. Шайырдың «Ана ҳаққында әпсана» (1972) поэмасының сюжетинде бүгинги жас әўладтың қәлбинде анаға болған меҳир-муҳаббатты оятыўда ертедеги халық әпсаналарының бирине жан ендиреди. Поэмада өткен заманлардың биринде баў-бақшалы бир елатты жаў шабады. Ҳәр ким өз басының аманлығын ойлаған бир пайытта айы-күни шамаласып отырған ана үңгирди паналап қалады ҳәм сол жерде уллы болады. Байғус ана басынан қандай қыйын күнлер өтиўине қарамастан, баласына бар тапқанын ишкизип-жегизип сақлайды ҳәм оған былай дейди:

– Саў болсаң адам боларсаң,
Ғамхорым панам боларсаң,
Тоз-тоз болған елиңниң,
Жаўлардан арын аларсаң.

Арадан көп өтпей әйне бәҳәр паслында жаўдан аман қалған адамлар менен бирге ана да перзенти менен ўайран болған елине қайтады. Узақ ўақыт өткен соң, ана күткен күн келип, бала ер жетип, кәмалына келеди.

Сайлап бир зайып алыпты,
Жат журттан ҳәўли салыпты,
Өзи көшип, анасы,
Гөне журтта қалыпты.

Усындай бағ-дәўлетке ийе болған сараң жигит, сол кеткеннен анасынан хабар алыўды умытыпты. Ал, картайып, ҳалдан тайған анасы мүшкил ҳалда жатырсада баласынан гүдер үзбепти. Жалғыз перзентиниң дәрегин көктеги қуяштан, аспандағы ай ҳәм жулдызлардан, таў ҳәм таслардан, ескен самал менен жанлы-жәниўарлардан тынбай сорай берипти. Бир пайытта көк гүркиреп, даўыл көтерилип әжел оғы жетип келипти. Ана әжел оғының пәтин жаман көрип, оннан да баласының дәрегин сорапты. Сонда ол:

Алысқа кетип бараман,
Көп ирикпе, жолдан қаламан,
Ана бийзар адам бар, –
Мен соның жанын аламан, [3:138]– деп жуўап берипти.

Буны еситкен ананың тынышы кетип, ескен жел менен жарыса атылған әжел оғына қарай өз көкирегин қалқан етип, өлип кетипти. Бул шығарманың сюжети ҳақыйқатлықтан жырақ болыўына қарамастан, дүньяда аналардың перзентине болған меҳир-муҳаббатының теңи-тайы жоқ екенлигин ананың өлими менен сыпатлап берген болса, перзентлердиң де ата-аналар

алдындағы перзентлик парызын умытпаўы кереклигин терең уқтырмақшы болады.

«Әкем ҳаққында сөз» (1976) поэмасында болса, ҳәр бир әўирде де перзент тәғдирине бийпарқ қарамаған ата-ананың, әсиресе әкениң аталық бурышын орынлаўы өз гезегинде әке тилеги менен өсип ержеткен лирик қаҳарманың да өткен өмирин еске түсириўинен әкеге болғапн сағынышы сезимлеринен туўылған жүрек толғанyслары көркем баян етиледи.

Айтар еди сонда маған жалбарып,
«Сен оқыўдан жүрегөрме жалтарып,
Оқыў деген буйырмады бизлерге,
Сениң балам, келешегиң жап-жарық,
Жастан үйрен қыйын менен қаттыға,
Гөрсаўатлық шығармайды жақтыға,
Көрмегейсең әкең көрген азапты,
Хат жумысы несип еткей бахтыңа» [4:155].

Шайыр усылайынша удайына қара мийнеттен қолы қабарып, маңлайтерлетип жасаған мийнет адамының ҳақыйқый келбетин жасай алған. Яғный, әке өмирдиң ойлы-бәлентли соқпақларынан қыйыншылық пенен өткенликтен, келешек өмириниң жалғасы болған перзентиниң тәғдирине бийпарқ қарамайды. Бул образ арқалы халқымыз бойына жәмленген сабырлылық пенен мәртликти көргендей боламыз.

Т.Сейтжановтың келеси «Адасқан ығбал» (1977) поэмасының сюжети 1.Оқыўшының хаты 2.Ҳаялдың хаты. 3.Шайырдың хаты сыяқлы хатлар дүркининдеги күтә киши бөleклерден турыўына қарамастан инсан тәғдириндеги шешилиўи тийис күтә жуўапкершиликли машқалаларды қамтыўы менен өзгешеленеди.

Бул поэманың жетискенликлери туўралы арнаўлы сөз еткен профессор С.Ахметов «Хат бул қаҳарманлардың ишки психологиялық сезимлерин ашып бериўдиң дүнья классикасында сыналған көркемлик усылларының бири. Бул арқалы шайыр өз қаҳарманларының ишки сезимлериниң, пикир дүньясының терең ашылыўына мүмкиншилик алады. Т.Сейтжановта усы шағын поэмада сәтли табысларға ерискен» [1:105]. –деп баҳа береди.

Биз оқыўшының хаты арқалы мийнет жолын дурыс таңласада, турмыс жолын дурыс таңлай алмай жолдан адасқан инсанның өмирдиң ашшы-душшысын татқаннан соң, өткен өмирине сын көз бенен қарап өкинишке орай жуўап бергениниң гүўасы боламыз. Поэма қаҳарманы жаслықта жиберген қәтеси себепли опадар ҳаялы ҳәм туңғыш перзентинен айра түскен. Яғный бул қәтелигине жараса тәғдир оны мәккар ҳаялға дусластырып жазалаған.

Т.Сейтжановтың «Тәғдир» поэмасы 70-жыллары жазылып, ҳәзирги заман поэмашыллығына салмақлы үлес болып қосылды. Ҳүжжетлерге тийкарланған бул лиро-драманың сюжетинде Ўатандарлық урыстың қаҳарманы Орынбай Абдуллаевтың тәғдири сөз етиледи. Поэманың басланыўында-ақ оның қаҳарманы Арыслан өз өмириниң гүманлы тәреплери ҳаққында былайынша ашықтан-ашық сөз етеди:

Шайыр сен дәртимди қозғама, жаным,
Ҳәзир ол қурғырды умытқан шағым,
Сорама сен өткен-кеткенлеримди,
Еске алма бүкке-шиккелеримди.
Оларды айтпағаным жақсырақ болар,
Айтсам ҳәр тыңлаған қулаққа обал,
Ол аўыр азапты көрмесин инсан,
Төбе шаш тик турар есиме алсам,
Азаптың түри көп, барлығын көрдим [4:190-191].

Шайыр усылайынша поэма қаҳарманының тәғдирине тийисли ўақыяларды оның өз тилинен бирме-бир баян етеди. Поэмада ғажжа-ғаж саўаш майданында «өлди» деген Арысланның, «от ишинде пахтаны аман сақлап қалғанындай» тири қалып, тутқынға түсиўи ҳәм оның соңғы қыйырман-шыйырман тәғдири де урыстан соңғы дәўир адамлары ушын гүман туўдырыўы тәбийғый жағдай еди. Шайыр усындай мыңлаған адамлар ишинен урыс питкеннен соң тәғдири анықланған қаҳарман жерлесимиздиң ҳақыйқый келбетин ашыўда монолог, диолог, баянлаў, символикалық көркем сүўретлеў усылларынан шеберлик пенен пайдаланады.

Сол қырғын саўашта ким болғанымды,
Нелер көргенимди, не қылғанымды,
Түн гүўасы Ай ҳәм Шолпаннан сора,
Күн гүўасы Қуяш-нурлардан сора,
Күн ҳәм түнниң жолаўшысы бәрҳама,
Тыным таппайтуғын самалдан сора [4:196].

Поэмада ўатандарлық урыс жарасы питседе, жүрек жарасы питпеген қаҳарманның ҳақлығын ҳәм ҳадаллығын дәлиллеўде көктеги қуяшқа, аспандағы ай менен жулдызға, ҳәттеки ескен желге де тил питеди. Поэмада урыс басланбастан бурын-ақ туўған жери Төрткүлди гүллендириўге жаны қумар мийнеткеш ҳәм мәрт жигит Арысланның «Қырық қыз» далалары менен минәрлары көкти тиреген «Гүлдирсин» ниң әтирапларына табаны тиймеген бирде-бир жер қалмаған. Арыслан урыс тамам болғаннан соң аўылелге аман қайтқаннан соң өз аўылласы ҳәм құраллас досты Доспанның сүйген қызы Нигарханға үйленгенлигин ҳәм өзине еткен қыянетин еситип қатты қапа болады. Поэмада шайыр «Инсанның дегени болмайды гейде, тәғдир бесик тербетеди ҳәр күйде» деп жырлағанындай, парахат өмирге араласқан Арыслан жарамас досты Доспаннан өш алыўы мүмкин еди, лекин оның адамгершилик ҳүжданы буған ҳасла жол қоймайды. Биз бул арқалы да поэма қаҳарманы Арысланның характерине улыўма инсанылйлық пазыйлетлердиң жәмлеп берилгенлигин көремиз.

Солай етип, шайыр ҳәм драматург Т.Сейтжановтың биз сөз еткен айырым поэмалары идея-тематикалық, көркемлик жақтан да ҳәзирги дәўир поэмашылығын байытыўға салмақлы үлес болып қосылды.

**Әдебиятлар**

1. Ахметов С. Ўақыт пенен нық қәдем таслап. // «Әмиўдәрья» журналы, №5, 1984, 100-108-б.
2. Мәмбетниязов Т. Поэзия-турмыс, гүрес ҳәм талпыныў, – Нөкис: «Қарақалпақстан». 1993, 89-110-б.
3. Сейтжанов Т. Бәҳәр сағынды. – Нөкис: «Қарақалпақстан».1975.
4. Сейтжанов Т. Өмир философиясы. – Нөкис: «Қарақалпақстан». 1979.
5. Сейтжанов Т. Таңламалы шығармалары. 1 том. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1992.

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада Қорақалпоғистон халқ шоири Т.Сейтжановнинг ижодиётида салмоқли ўрин эгаллаган халқ афсоналари ва ривоятларига асосланиб ёзилган «Она ҳақида афсона», «Отам ҳақида сўз», «Адашган иқбол», «Тақдир» поэмаларининг ғоявий-тематик ва бадиий хусусиятлари таҳлил қилиниб, тегишли хулосалар ясалган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье сделан анализ идейно-тематических и художественных особенностей таких поэм народного поэта Каракалпакстана Т.Сейтжанова как «Сказание о матери», «Слово об отце», «Заблуждённое счастье» «Судьба», которые занимают весомое место в его творчестве, а также приведены выводы по ним.

**SUMMARY.** The article analyzes the ideological, thematic and artistic features of such poems by the national poet of Karakalpakstan T. Seytzhanov as "The Tale of the Mother", "The Word of the Father", "Misguided Happiness", "Fate", which occupy a significant place in his work, and also draws conclusions by them.